

MAPAY LARATAN

(Yoyon Bahtiar Irianto)

1. Panganteur

(Asmarandana)

Carita ieu ngagurit, lalakon jaman ayeuna, ihwal jasad anu jongkot, ngawincik laratanana, supaya jadi kabuka, kabuka tunggalna wujud, dipapay ti memeh aya;

Nepi ka ayana bukti, tina teuaya ka aya, geus aya bet ngalalakon, ngalaman di *Alam Dunya*, nyorang kana karamean, ayeuna baris ditutur, urang papay ti asalna;

Ti asal tadina sepi, dina Alam memeh aya, ari geus aya bet cekcok, alam sepi jaman *Kun-Dzat*, cekcok jaman *Kun-Payak*, *Kun Mutlak* geus sidik wujud, rupa sarupa-rupana;

Rupa teu kenging disalin, kitu tandana *Kun Mutlak*, saperti rupa awewe, mun sidik kitu rupana, tara kenging dirobah, rupa pameget nyakitu, teu beunang dipindah-pindah;

Rupa istri pakeun istri, pameget keur rupa lanang, henteu salah kituna teh, eta tandana *Kun-Mutlak*, tapi ieu ayeuna, ku Abah bakal dicatur, ku carita sangkan gamblang;

Kahijina ku pamilih, kaduana ku upama, bade didamel lalakon, geura kieu cariosna, pang ieu urang gumelar, kersana *Gusti Yang Agung*, ngadegna gumelar *Sifat*;

Henteu ujug-ujug bukti, ngersakeunana gumelar, sasat ngadamel lalakon, kieu pedaranana, namung upami mufakat, rempug sareng galur dulur, mun teu cocog sae cempad;

Ngan Abah neda pamugi, upami aya nu lepat, mugu kersa mere hartos, nya kitu deui basana, tangtos seueur nu lepat, pamugi sih ditawakup, margina kirang sampurna;

(Babakan Paniisan, 14 Muharam 1431)

2. Hakekat Sajatining Jalmi

(Dangdanggula)

Paneda ma'lum ka kadang wargi, disuhunkeun manah anu setra, muga ulah jadi lotro, sumawona jadi nyatru, ka Abah nu keur salatri, salatri ku anu setra, sanajan ku bulustru, moal matak jadi setra, mun seeng mah *benter miis tina patri*, ngagolakna teu walatra;

Maksud Abah ngagurit hariring, paneda ma'lum seueur kakirang, sok inggis sieun kaperong, ku hawa nafsu ngaberung, tapi bubuhan dijaring, nya tiasa oge kirang, sasatna urang kakurung, dikurung sanes ku barang, anu nyata karaos ku hate wening, kajabi kedah disorang;

Disorangna kedah ngangge bibit, enya eta *Iman* nu kasebat, jeung kedah nganggo parobot, *Tarekat* anu kasebut, sangkan terang kana bibit, supaya tiasa kebat, nganyatakeun nu disebut, tapi kitu oge tobat, Abah ngadon kumawani nyabit-nyabit, nyabit jalan ku panghibat;

Sanes pisan guminter peleci, ngan ngemutkeun hate anu seca, kajeun disebatkeun ngaco, pedah dangdingna teu lucu, tuduh jalan anu suci, malah mandar bisa ngaca, ngeunteungan ka anu lucu, bubuhan jalma mah *Arca*, tatapina mun terang ka Maha Suci, tangtos moal jadi *Arca*;

Guguritan sakadar pangeling, malah mandar ngajadi panalang, nalang kanu masih keneh lolong, margi seueur anu linglung, teu aya pisan kaeling, katungkulkeun ku kamelang, melang

ka anu di gelung, estu teu diselang-selang, badanna teh teu dijaring teu dilingling, da resep ka nu digeulang;

Biasana mungguhing di lahir, sadayana oge geus ilahar, resepna teh ka nu moher, moher tapi henteu luhur, luhurna ukur di lahir, pada hayang kana beunghar, supaya diri kamashur, kamashur teu kurang dahar, teu ngemutkeun kumaha engke di ahir, moal terang ka nu gahar;

Menggah eta nu gahar sajati, mun dibeuli ku duit samilyar, leuwih hese taya conto, da meulina sanes kitu, mun hoyong anu sajati, nu resep matak kabita, nu mulus alus saestu, cik akalana sangkan nyata, anu suci padang sajeroning ati, lir urang ningal permata;

Maksud Abah ku pamugi-mugi, ka sadaya sanak kulawarga, sareng kanu sanes oge, sing emut ulah ngawagu, kapan urang geus dibagi, sagala oge geus boga, mangkahade teu digugu, pibahlaeun teu dijaga, henteu pisan rek eling kanu ngabagi, marukan taya nu boga;

Saenggeusna urang bisa hurip, tangtu pisan aya nu ngalarap, teu beda ibarat sirop, amisna anu sumurup, komo nu disebut hurip, tangtu aya nu ngararap, dina waktu keurna hirup, badan teh aya nu marap, marap laku lampah keur waktuna hurip, sanaos waktu sasaran;

Dina waktu keur di Alam Kabir, ulah rek kajongjonan nya sabar, bilih kaburu ku bobor, susah lamun geus ka kubur, kumaha rek bisa takbir, da geus misah jeung *Nu Jembar*, tungtungna bisa takabur, bonggan di dunya ngolempar, nu digugu pangajak hate malibir, embung neangan Nu Jembar;

(Sinom)

Mugi eta sadayana, sepuh anom nu kauni, geura jajah salirana, pilari nu nyumput buni, ulah ngan sakadar muni, nu disembah Bangsa Wisnu, mun kitu salah nyembahna, nyaah teuing ku jasmani, tangtos pisan moal dugi ka asalna;

Mungguhing Nu Maha Kawasa, teu nyempad teu milih-milih, sanajan lakuna salah, dianteur tara ditolih, ngan urang kuduna milih, ulah tungtung matak ngangluh, mun urang jalana salah, tangtos moal bisa mulih, sabab *Dzat Allah Ta'ala* teu kapanggih;

Pan aya basa carita, lamun ka jalmi nu mati, lumrah jalma cacarita, pokna teh *mulih ka jati*, pedah dugi kana pasti, tapi saenyana tangtu, ngan ukur dina carita, padahal jongjon teu ngarti, na kumaha mun jatina acan nyata;

Geus lumrah karana aman, nyambung du'a bari hamin, mugi ditarima Iman, nurutan nu geus *Muslimin*, tapi elmuna Muslimin, ukur dicipta ku lamun, jauh terang kana Iman, henteu cara para Mu'min, nyebutna teh geus terang jatining Iman;

Kapan jalma aya asal, tapi najan teu dimisil, mun palay mulih ka asal, mangga tungtik tangtu hasil, tangtos hasil mun disisil, ilmuna masing kasusul, sanajan miara bangsal, lamun dihantem disisil, geuning sidik rasana teu jadi kosal;

Tah kitu jalan upama, mun jadi jalmi utami, milari Ilmu Agama, da urang teh moal lami, tangtu misah jeung sasami, geus pisah jadi kumumu, lantaran teu tumarima, ngan tarima jadi jalmi, marukanan teu aya jatining jalma;

Mangga manahan ku sepah, manahan masingna rapih, mun salah tong dipilampah, minangka jadi panyapih, lamun leres mangga ampah, susul pigeusaneun sepuh, sepuh dina laku lampah, malar bisa repeh rapih, da jalma teh ibarat jadi palapah;

Mun malapahna geus misah, tangkalna heunteu masih, nu mawi ilmu kedah *sah*, ulah osok pasalisih, ka jalmi kedah miasih, ulah arek nyieun musuh, bisi pinanggih jeung susah, tegesna kedah beresih, masing sieun ku Allah da teu papisah;

Kumaha atuh jalana, supados pendak nu buni, tapi di urang ayana, teu katingal ku jasmani, da puguh badan rohani, geuning ceuk *Dalil* wujud *Nur*, mun teu dirakrak wujudna, nya wujud ieu jasmani, hamo bisa papanggih reujeung eusina;

Nu mawi wajib neangan, malar ati bisa dingin, tangtu bisa kasenangan, sing panggih jatining angin, geura manah angin-angin, mun kapanggih moal ngungun, kana tahayul ngirangan, da terang jatining angin, geus terang mah nya pakeun urang sorangan.

(Asmarandana)

Numawi wajib disungsi, margi urang teu kawasa, kedah ngalakukeun hese, sartana kedah rumasa, rumasa taya kabisa, kabisa ngan nganteur nafsu, teu eling ka Nu Kawasa;

Mugi-mugi sing areling, ulah asih kumapalang, ulah seueur nu di pelong, kusabab aya kamelang, bilih urang jadi belang, tungtungna sok matak linglung, teu terang kanu gumilang;

Nu gumilang dina diri, ayana henteu katara, numawi henteu kawaro, upami nu ngaji sara, moal weleh nyandang lara, upama henteu guguru, guguru ngakat salira;

Tapi lamun rek milari, milari eusi salira, ngarah urang ngeunah sare, badan ibarat panjara, dikonci henteu katara, tah eta ulah kaliru, pilari konci salira;

Lamun konci geus katukil, tangtos kahartos ku akal, sagala oge kacokel, bekel sinarengan bakal, mo aya manah basakal, sanajan aya nu mukul, ditampa sabar tawekal;

Males ku kalimah kalih, *Sahadat* anu katelah, saratna karena *soleh*, tah pilari ulah salah, nyatana Dzat Gusti Allah, dan henteu mangpuluh-puluh, estu *Hiji* moal salah;

Tapi lamun geus kapanggih, poma ulah rek gumagah, baragah-beregeh, kajeun kolot dipiconggah, carios teu diagah, rasa aing nu geus puguh, tah eta kedah dicegah;

Batal ceuk basana santri, teu terus jadina setra, malahan jadi celetre, sanajan bungkusna sutra, lamun laku henteu setra, tungtungna sok loba satru, dipingewa palamitra;

Ku urang kedah diaji, ulah ngan sakadar beja, kudu karena katenjo, dina ati masing ngeja, jeung kuduk sidik ka *Raja*, da wujud mah jadi baju, bungkus ngahalangan Raja;

Ari nu kedah diuji, ngabuktikeun omong beja, sanes ngaji jilid hejo, eta mah anu bebeja, tuduh jalan nu diseja, sangka ku urang dipaju, supaya jadi raharja.

(Babakan Paniisan, 31 Muharam 1431)

(Kinanti)

Ieu kinanti ngajurung, supaya sami ngajaring, malah mandar jadi terang, terang di jatina kuring, kapan teu aya kakirang, pepek karena dijaring;

Numawi jalmi teh kudu, amis basa alus budi, ku sababna henteu beda, Anjeuna jeung diri pribadi, ulah rek ngabeda-beda, sing inget asalna tadi;

Mangkade ulah kalangsu, masing kenging eta sosi, koncina anu Kawasa, sangkan urang henteu risi, geus kenging tangtos ngarasa, paeh moal aya risi;

Ku sabab urang diandum, diandum *Qur'an nul'azhim*, jeung aya basana *Qidam*, ti heula nyaeta *Kadim*, kitu sundana teh *Kidam*, nya eta *Qur'anul Azhim*;

Tah eta teh anu perlu, mangkade ulah pahili, anu kasebat tiheula, anu mawi ulah lali, sabab aya nu tiheula, disebut mah da pamali;

Ngaji teh kudu sing suhud, malah mandar terang *Tauhid*, terang ka *Qulhu hu Ahad*, nganyahokeun anu *Wahid*, geus terang nyatana Ahad, tangtos terang bisa Tauhid;

Ieu dangdangan teu tambah, lumayan eukeur panambah, nambahan malar kaambah, kenging nyutat ti nu tebih, cocogkeun sing munasabah, jeung Dalil ulah patebih;

Lamun rek milari ilmu, pilahir anu utami, ulah ka sambarang jalma, utami jatining jalmi, anu geus manjing *Ulama*, nu nerangkeun asal jalmi;

Margi seueur anu palsu, anu mawi kedah risi, risi nyandangan panyiksa, tah nu nyiksa geura sungsi, naon atuh anu nyiksa, ku urang kedah disaksi;

Da bongana tekad *qolbu*, teu neangan hakekat *Nabi*, sumawona daek seba, kalindih resep rarabi, seba lain seba domba, ngan kedah nyaho ka Nabi;

Qolbu mun hantem dilajur, henteu inget kana *ajir*, moal pinanggih di *ganjar*, teu beda jeung embe bajir, tapi mun daek diajar, meureun terang gambar ajir;

Ayeuna kinanti mundur, rek nerangkeun ieu sindir, dangdanggula nu dipedar, sinom nu dianggo sindir, asmarandana didadar, neda kamandang nu hadir.

(Babakan Paniisan, 1 Shafar 1431)

(Magatru)

Magatruna kaanggo nutur pihatur, Margina teu weleh ketir, ketir kumargi teu tutur, ibarat keur nyepeng setir, sieun lepat jalan motor;

Margi eta nu disebutkeun di luhur, Maksud sim kuring di ahir, sanes pisan hayang mashur, bubuhan eukeur di dohir, tamba kesel ngantos lohor;

Sadayana eta anu jadi lagu, mangga geura bagi-bagi, supaya ulah ngawagu, sing kapendak bilih rugi, ulah dugi ka ngagoro;

Ngarogona mun urang masih takabur, di dunya hate malibir, tangtu disiksa di kubur, da bongan teu daek takbir, paeh moal boga obor;

Rejeki mah teu milu ka jero kubur, estu wungkul keur di dohir, da puguh keuna ku lebur, henteu cara jembar takbir, ka urangna bisa nyebor;

Anu mawi urang teh ulah kumumu, mikir teh anu utami, kotektak masing katimu, katimu bakaling jalmi, sing terang gawena ramo;

Pilari teh sategesna nu saestu, nu kira nepi ka Gusti, tapi saenyana kitu, muji dzikir laksa keti, weleh henteu meunang conto;

Najan kitab murudul mangpuluh-puluh, sakabeh henteu dipilih, diapalkeun ratus puluh, Gustina henteu katolih, teu panggih jeung Dzatna Allah;

Samarukna nyembah ka Gusti teh kitu, da tuduh kitab teu ngarti, teu dipikir anu estu, pedah Gusti taya bukti, tacan nganjang ka pageto;

Padahal mah lamun dikakat disusun, eta tangtu pisan hasil, tangtu terang Nabi Rosul, sagala rupa kamisil, moal beunang ku pangosol;

Saenyana badan teh kedah diukur, diukur reujeung dipikir, ulah ngan saukur akur, teu nanya nyatana dzikir, matak waktuna teh bongkor;

Sanajan Abah ngarang bari ditungtut, bareng jeung panon barintit, neangan ilmu nu patut, nganyahokeun nu ngunguntit, nu beurang peuting te petot.

(Babakan Paniisan, 4 Shafar 1431)

3. Agama Sajati

(Asmarandana)

Perkawis Agama Suci, geura kieu sayaktosna, ku Abah baris ditetek, diterangkeun mimitina, geuning kieu Dalilna, dina Hadits geus kamashur, dalil teh kieu unina;

Mimiti *Awallu dinni*, lajengna *ma'rifatullah*, sundana kieu eta teh, lamun rek lakon *Agama*, wajib ma'rifat heula, kana Dzat Alloh nu Agung, supaya *sah Ibadahna*;

Tapi oge sanes deui, hal ma'rifat ka Dzat Allah, eta teh lain sapertos, nganyahokeun ka nu anyar, *Hawadits* basa *Arab* mah, *Hawadits* teh nu ngajentul, nu nyata aya buktina;

Ngan poma masing kaharti, atawa ka *Ilmu* tea, sabab Allah Ta'ala teh, ceuk saksina Dzat *laisa, kamislihi* terasna, hartina Dzatna Yang Agung, henteu aya upamana;

Ngan dawuhan Kangjeng Nabi, wajib nganyahokeunana, nganyahokeun diri maneh, diri anu sajatina, sabab kieu ceuk haditsna, *Waman aroffa nafsakhu, faqod aroffa robbaha*;

Jeung aya lajengna deui, *man aroffa robbaha, faqod jahilan nafsah* teh, kieu pihartieunana, saha-saha jelema, nyaho kana dirina kitu, tangtu nyaho ka Pangeran;

Jeung saha nu nyaho deui, geus nyaho ka Pangeranna, dirina geus tangtu bodo, tah eta kitu hartina, mangga geura manahan, dalilna eta teh kitu, pikeun saksi ngelmu tea;

Malah dawuhan Jeng Nabi, *Illa anna awalla nafsah*, terasna teh *fardu aen*, kieu eta teh sundana, mimitina hal Ibadah, sing terang jatining hirup, masing tepi ka aenna;

Sasat kudu katingali, sifat hirup sing kapendak, jatining *Sahadat* eta teh, bibitna sagala rupa, nya hakekat Muhammad, awalna Muhammad kitu, nya eta *Sagara Hayat*.

4. Sarsilah Ayana Dzat

(Dangdanggula)

Anaking...regepkeun sing taliti, ulah pohoan jeung samar tingal, sok komo bari talangke, dibarengan jeung adigung, dumeh sugih ku pangarti, meunang luang ti sakola, ulah ukur catur, kudu nepi ka ing jasad, ditalungtik dugi kana siki, neuleuman kama'ripatan;

Anaking...hayu urang ngawirid, medar asal-muasalna urang, sangkan jentre tur merele, ti memeh alam ngawujud, nepi ka barangkalih, negeskeun saha nu medal, tur langgeng dudumuk, anu pangheulana aya, dina salebeting *Nuqot-Gho'ib*, kasebat Dzat Nu Kawasa;

Ari *nuqot* hartina teh *siki*, ari *gho'ib* hartina teh *samar*, kade ulah lelewodeh, kudu bareng jeung tafakur, ngahartikeun *nuqot-gho'ib*, tegeskeun *siki nu samar*, wangina nelah *Nur*, cahya padang narawangan, nu dinamian *Sifat Sajati*, sayaktosna *Nur Muhammad*;

Pang dinamian *Sifat Sajati*, sabab cahyana tanpa wayangan, jentre bakating ku hade, sanggeus *Kun* jadi *Fayakun*, mungguhing *Robbul Idzati*, upami ngersakeun *aya*, cekap ngadawuh *Kun*, sategesna jadi *nyata*, nu dinamian *Asma Sajati*, *nyata* ku Pangadika-Na;

Kun yaktosna Pangandika Gusti, *Fayakun* gumelar salawasna, langgengna sa endeng-endeng, pami parantos midawuh, tos teu aya nu mustahil, estuning sakedat netra, ku Pangandika *Kun*, naon-naon jadi *aya*, eta kersana *Af'al Sajati*, mungguhing Alloh Ta'ala;

Mangsa saestuning bibit kawit, sakur anu dumadi sumebar, ngageter teu liren-liren, *nuqot-gho'ib* teh kakungkung, ku Pangandikana Gusti, ngajadi *roh nu diraksa*, *Kun* jadi *Fayakun*, jadi *cahaya nu herang*, wujud gumelarna *Roh Idhofi*, *Roh Sajati* wayang *Dzat-Na*;

Roh Idhofi teh gumeter deui, ngagelarkeun cahaya nu lima, bodas beureum hideung koneng, cahya hejo teu kakantun, gumeterna teh ngahiji, ngagelarkeun kanyataan, buktosna *Fayakun*, nu lemes campur nu kasar, ngawujud jadina *Jisim Kuring*, raga jiwa urang tea;

Tah kitu ari tolabul ilmi, mungguhing jasad lemes jeung kasar, mun tos keuna ku papasten, raga jeung jiwa ngawujud, usik-malik muna-muni, gumelar di ieu alam, kudu loba sujud, tandana urang sukuran, mungguh kituna unggeling bathin, nampi rohmat ti Manten-Na;

Nurutkeun piwejang para wali, patokan Firman Alloh Ta'ala, Baginda Ali mijentre, nu ngindung ka Sabda Rosul, ngawincik jatining ilmi, medaran jajaten iman, *Isun* nyatana *Huu*, ari *Huu* batina *Iman*, insan urang jatining *Sir Gusti*, *Gusti* jatining *Sir* urang;

Hayu urang wirid nu ka hiji, medar *ayana* dzat Nu Kawasa, anu salawasna jentre, samemeh diayakeun *ruh*, tacan aya ing sawiji, jauh ti panyangka akal, taya nu ngawujud, nu pangheulana aya, jatining Nu Maha Suci, *Asma Isun* Robbul Anna;

Kadua *watekna* dzat adzali, jatining Isun Murba Wisesa, di dinya nyata geus ebreh, sasaka ing *Qudrot Isun*, *Af'al Isun* jirim bukti, nu awal tos dipiwarang, sangkan *Hayyun Qoyyum*, *Sajarotul Yaqin* tea, atawa *tangkal sajati*, jadi *Alam Makdum Adam*;

Nya alam nu ajali abadi, anu ngadeg atra salawasna, alam suwung anu teges, tuluy gumelar cahaya *Nur*, *Nur Muhammad* nu kawarti, tegesning *Mir'atul Hayal*, jadi *Rohul Quddus*, neneh Hijah silokana, *Rupa* kersa *Isun* suci, dzatna *Roh Idhofi* tea;

Katilu *Kahening* dzat Illahi, satemena jatining manusa, *Rasaning Isun* geus ebreh, rasa manusa teh Isun, bumi cai seuneu angin, karana Isun ka *Adam*, wujud sifat Isun, budhi akal roh jeung rasa, wawangina Ing Kang Maha Suci, perlambang rupaning Isun;

Kaopat...*Baitul Makmur* Illahi, *Sajatining Isun* satemena, gaduh tempat bumen-bumen, nyata di *Baitul Makmur*, salawasna langgeng ngancik, di mastaka Ing Kang Adam, magetaran Isun, di jero *uteuk* mastaka, lebetna acining rupi-rupi, ti *uteuk ka mani* tea;

Sajeroning mani ngancik budhi, sajeroning budhi ngancik sukma, sajeroning sukma ngancik rasa, sajeroning rasa ngancik Isun, gumulung ngajadi hiji, nu sok miang ngalalana, nya ti Ing Kang Isun, susah ngabandingkeunana, dzat nu ngaliput *Kahanan Jati*, Isun Pangersa Pangeran;

Lima...*Baitul Muharam* Illahi, *sajatining Isun* satemena, kagungan tempat mahlige, *Baitul Muharam* Isun, salawasna langgeng linggih, dina *dada* Ing Kang Adam, magetaran Isun, dina *Panggonan Larangan*, lebetna rupi-rupi acining, kobongna *Panggonan Imah*;

Sajeroning dada aya ati, nya jajantung nu jadi galeuhna, dumuk budhi nu ngabage, tempat angen-angen matuh, sukma oge milu ngancik, dina sukma aya rasa, tah eta teh Isun, teu aya deui pangeran, dzat nu ngaliput *Kahanan Jati*, Isun Pangersa Pangeran;

Genep... *Baitul Mukadis* Illahi, *sajatining isun* saestuna, kagungan tempat mahlige, *Baitul Mukadis* Isun, salawasna langgeng ngancik, jero *enggon pangsucian*, magetaran Isun, dina *Kandil* Ing Kang Adam, lebetna rupi-rupi acining, genahna panggonan imah;

Sajeroning kandil aya *siki*, panganjrekan *mani* di lebetna, eusina ngan *madhi* bae, dina madhi *wadhi* matuh, tempatna *maningkem* linggih, di lebetna aya *rasa*, tah eta teh Isun, teu aya deui pangeran, dzat nu ngaliput Kahanan Jati, Isun Pangersa Pangeran;

Kitu jumenengna Nuqot Go'ib, turun jadi cahya *Johar Awal*, Cahaya Awal nu jentre, nu nganjrek di alam nu tujuh, *ahadiat-wahdat* pasti, *wahidiat-arwah-mitsal*, jeung *Ajsam* nu tangtu, nu katujuh alam insan kamil, nya Sifat Isun sampurna;

Tujuh...*Panetepan Iman* diri, keur pamatri santosana Iman, ulah cangcaya nya hate, jeung ngawagu ragu-ragu, ngan kudu daek nalungtik, panceg dina galur, manteng dina kayakinan, nyungsi hakekat gusti ku gusti, hakekat urang ku urang;

Kadalapan...keur *Saksi Sajati*, Isun nyaksi ka dzat pribadina, nyakseni urang sakabeh, yen Isun Nu Maha Agung, huripna teu kenang pati, waspada permana tingal, winarah jeung weruh, nu *waskita* lan waspada, teu kasamaran ku rupa rupa, nya Alloh Pangeran urang;

Jeung saestuna Illahi Robbi, tos nandeskeun rupa-rupa qodrat, ngalimpudan alam kabeh, jeung Muhammad nu saestu, rasa jeung cahya Robbi, didamel utusanana, qodrat jadi Rosul, nu salawasna diriksa, tina sagala owah-gingsir, tur wisesa-bijaksana;

(Sinom)

Wirid nyutat make *murad*, malar mukana *taofiq*, ngadegna ilmu ma'rifat, medal tina *dalil-hadis*, *ijma* jeung *kias* pinilih, dalil Pangandika Isun, hadis sabda ing Rasul-Na, *ijma* piwulang *Kang Wali*, kias mufakat para imam nu opat;

Dumasar ka *murad* eta, jadi pangbukaning ilmi, medarkeun pangraksa rasa, sangkan medalna tarapti, bijilna jejer taliti, eling ka ga'ibing hirup, *waskita* awal ahirna, dimana nepi ka jangji, henteu kasasar da tangtu puguh losna;

Nu jadi bibit ma'rifat, nurutkeun kias jeung hadis, Rasul paratos miwejang, ka pangersa *Baginda Ali*, nu merele dina dalil, Pangandikana Nu Agung, yen pedaran *ayana dzat*, diwisikkeun kana cepil, diharewoskeunana ti palih kiwa;

Mungguh ku ngandika-Na, Isun dzat nu maha suci, satemena katitipan, *rasaning dzat* ti ajali, nyatana rupa pribadi, diliput sifat Nu Agung, kagenggem af'alna *rasa*, natakeun *asma pribadi*, nu wisesa karena perbawa urang;

Netelakeun saenyana, dzat nu sampurna teh pasti, nu matak aya babasan, sifat-Na natakeun nami, tuluyana af'al katiti, nya warnaning dzat katembus, ari dzat ngaliput sifat, lir madu bareng jeung amis, pasti moal bisa dipisah-pisahkeun;

Sifat enggon nata *asma*, lir srangenge jeung caangna, teu bisa dipisah-pisah, *Asma* enggon nata *af'al*, lir kaca dipake ngeunteung, teu beda jeung kalangkangna, *Af'al* enggon bawana *dzat*, misil laut jeung ombakna, pasti rosana ombak teh ngindung ka lautna;

Jadi...jatining Muhammad, nandeskeun dzat nu ajali, nya ku pangwasaning cahya, nu ngalimpudan jasaki, pating gumulung jeung cicing, dina lampah urang hirup, kawasa nempo jeung ngucap, kawasa ngambung jeung nguping, ngaraos sarining rasa ku qudrot-Na;

Nu kitu disebut *warna*, pangeran nu maha suci, *ningal* pan kawasa soca, *Nguping* ku kawasa cepil, *ngandika* ngagem lisani, *ngangseu* ku kawasa irung, *nyari* ku kawasa letah, sadaya menggah kawaris, dumeh ngagem kawasana diri urang;

Ulah mangmang tur salempang, bari sumoreang ati, sabab tiap pangawasa, geus gumulung dina lahir, nyampak dina badan latif, geus ngancikan hirup kumbuh, kumelendang dina jasad, teges di lahir di batin, dzatna Robbul Idzati nyampak di urang;

Ngan bae masing iyatna, ngarasa geus sugih ku tauhid, jembar ku ilmu agama, ngarempak piwejang Nabi, ngawisik Baginda Ali, nu celuk koncina ilmu, yen saneskara piwejang, teu weleh nyangsang kacangging, suluk sohib luhung ilmu nalar;

Sanajan cukup luhungna, leubeut ku tolabul ilmi, ngarasa loba ibadah, kudu bisa titih-rintih, tarapti reujeung taliti, bisi jadi kapidangdung, teu cukup sakadar apal, kudu nepi ka piharti, kudu nete taraje nincak hambalan;

Kahiji papay sare'at, tarekatna nu sayakti, nepi ka jero hakekat, ma'rifat nu samisti, Kadua iman tauhid, islam jeung ihsan nu puguh, kakara ajeg imanna, sakumaha nu diwisik, ku Muhammad ka Baginda Ali tea;

Nyata nu ngadeg tiheula, kawit ngadeg dzat nu qodim, kala masih awang-awang, salawasna nganti-nganti, sifat ajali abadi, *hudutsu ilalam* nu tangtu, teges pada-pada anyar, kalawan sacara dohir, pada silih tarik tetep tinetepan;

Saestuna nu ngaran dzat, nya didinya sifat ngancik, kitu deui sabalikna, nyata didinya dzat ngancik, pada-pada silih tarik, dalilna turut-tinurut, susah ngabedakeunana, gumulung ngajadi hiji, tegesna manunggaling ngaraga sukma;

Tegesna Allah Ta'ala, murba wisesana bukti, kawasana saneskara, kabeh alam sapangeusi, qudrotna teh rupi-rupi, pangbuka irodatna Isun, nu murbaning kawisesa, nyatana sifat nu bukti, geus jadi kanyataan tanda damel-Na;

Nu ti heula Isun aya, nu dumuk bibit mimiti, di *Sajarotul Muntaha*, ngadeg tangkalna ajali, kalayan jisim abadi, dina alam adam makdum, gumulung cahya gumilang, cahyaning pating karetip, katelah nyatana Nur Muhammad tea;

Satuluyna aya kaca, *mir'atul hayal* ngabukti, nya dituturkeun ku nyawa, nu katelah roh idhofi, tuluy damar ngaran kandil, terusna getih ngawujud, tuluy dingding jalal nyata, hijab tea nu kawarti, mungguh kitu minangka laratanana;

Di Sajarotul Muntaha, anging Sajarotul Yakin, nya Alam Adam Makdum tea, tegesna tangkal sajati, Hayyun ajali-abadi, sajeroning jagat matuh, masih keneh awang-awang, hakekat dzat mutlak qodim, dzat *Atma* pangwasa *Alam Ahadiat*;

Hayyun teh tajalina dzat, sajatining dzat abadi, kusumah hujur hing tawang, sang ratu nu nyakrawati, nu linggih di *Kanzul Arsyi*, tatangkal dzat Adhiluhung, nu disebut *Ta'yun Awwal*, nu katelah *Hayyun Da'im*, hirup langgeng saendeng-endeng nyatana;

Ari ihwal Nur Muhammad, eta cahya nu pinuji, rupina mungguh gumilang, jadi cahyaning sajati, sajeroning Nuqot Go'ib, perlambang *Cahaya* Nu Agung, minangka sifating asma, nu di sajarotul yakin, jadi tata pangwasaning *Alam Wahdat*;

Nur tajalina ta'yun awwal, sumorot atma sajati, lir tunjung tanpa talaga, kembang hirup teu ku cai, martabatna *Ta'yun Tsani*, nu jadi ebrehna hirup, negeskeun rupana cahya, ngawengku hirup pribadi, ngajadi *Nurulloh* cahaya nu lima;

Nuriah cahaya samar, rupana hideung sajati, Nurani tegesna terang, rupana beureum sajati, nu moncorong mah Nurmahdi, rupa koneng hamo saru, Nurbuwat cahya santosa, rupa hejo henteu sangli, Nur Muhammad mah cahya bodas rupana;

Kasebat *Mir'atul Hayal*, eta Kaca nu pinuji, kaca nu permana tingal, tempat nilik-nilik rupi, ngeunteungan jisim nu latif, tempat Isun mayunan Nur, minangka asmaning atma, ngagambarkeun jentrena Sir, jadi wayang pangwasaning *Alam Wahidiat*;

Sir tajalina cahaya, *sorot* cahya Nur sajati, lir leunjeuran awi bungbas, teu katara nya pangeusi, *Ta'yun Tsabitah* kasebit, netesan *Rasa* nu luhung, tegesna jatining rasa, hakekatna mah ngan hiji, tapi dibasakeun kana genep rupa;

Nu kahiji Rasa Purba, disebutna *Sir Ibtadi*, wahyuning Asmara Nala, Rasa nu ka dua kalih, disebutna *Sir Kohari*, Asmara Tura ngawuwuh, katilu Rasa Sampurna, nu disebutna *Sir Kamil*, nu ngajadi wahyuning *Asmara Burda*;

Nu kaopat Rasa Mulya, nu kasebutna *Sir Aji*, wahyuning Asmara Dada, nu kalima *Sir Hakeki*, tegesna Rasa Sajati, wahyuning Asmara Tontra, nu kagenep Rasa Tunggal, nya nu negeskeun *Sir Wahdi*, nu ngajadi wahyuning Asmara Gama;

Nu disebut *Roh Idhofi*, nya eta Nyawa nu suci, kaluar ti Nur Muhammad, bening bawaning ajali, bersih bawaning abadi, nu katelah sukma kudus, hakekat af'aling atma, sukmana Ing Kahanan Dzat, jadi pangwasaning *Alam Arwah*;

Roh tajali sir nu nyata, *permana* cahya sajati, lir tapak kuntul englayang, tapak hiber teu kaciri, *Ta'yun Harijiah* kasebit, gumelar *Sukma* ngalantung, nu miraga ngalalana, hakekatna mah ngan hiji, tapi dibedakeun kana tujuh rupa;

Tepungna jasad jeung nafas, nu negeskeun *Sukma Lahir*, disebut *Sukma Wahana*, tepungna nafas jeung budhi, negeskeun *Sukma Bathin*, *Sukma Jatnika* kasebut, nu ngaran *Sukma Malana*, tepungna nafsu jeung budhi, negeskeun sukma nu tetep cicingna;

Tepungna nafsu jeung nyawa, *Sukma Mulya* nu kawarti, *Sukma Salamet* tegesna, mun nyawa rasa ngahiji, *Sukma Nyata* nu kawarti, negeskeun rasa nu luhung, ari *Sukma Wisesa* mah, ku rasa cahya ngahiji, nu negeskeun *Sukma Wenang* kawisesa;

Katujuh *Sukma Kawasa*, Sukma Pamungkas tajali, sampurna jatining sukma, ku rasa-cahya ngahiji, manikmaya dua jisim, ratna komala gumulung, sampurna Sastra Ludira, nu gumilangna raspati, jadi wawayangna wahdat-ahadiat;

Nu disebut *Kandil* tea, eta *Damar* nu pinuji, teu seuneuan tapi caang, caangna leuwih ti misti, gambar *Nafsu* Roh Idhofi, gumebyar hurung ngagebur, minangka *Pangemban Atma*, hakekat kempel arwahi, jadi tempat wahanani *Alam Misyal*;

Nafsu tajalina roh tea, *wisesa* sukma sajati, seuneu hurung di lautan, nu teu puguh kapiharti, *Ta'yun Muhhaniyyah* kasebit, netesan *Budhi* nu luhung, tina *uteuk* muasalna, terus ngancik dina *ati*, nu tumerus medalkeun cipta-panyipta;

Ka *jajantung* sumarambah, tuluy medalkeun *birahi*, nu ngancikna dina *rasa*, jadi *nufus* nu kawarti, mulang deui kana ati, jadi *anas* na *hamperu*, nyerep jeung *getih* lumampah, jadi *tanafas* kawarti, ngambah mamaras *bayah* ngajadi *nafas*;

Sumarambah kana jasad, nya nganteng dina tingali, medal sora tina lisan, manteng cipta sanubari, ngahudang cinta birahi, nu sok mindeng kapidangdung, tina rupaning kahayang, bawaning nafsu sajati, dina ngalaksanakeun pangemban atma;

Nafsu dibasakeun opat, *Nafsu Amarah* kahiji, perwatekna kaniyaya, iden-panastren jeung jail, dugal hawa teu walagri, pernahna dina *hamperu*, kulit jeung getih leburna, kaluarna kana *cepil*, nu sorotna *beureum* bawaning kawasa;

Kadua *Nafsu Lawammah*, watek hawek nu utami, halabhab jeung kabitaan, cape jeung lapar teu lali, lundung tunduh teu paduli, ngalebur bulu jeung kuku, bijil ti *beuteung* ka *lisan*, kahanan manah dumadi, nu sorotna hideung bawaning kawasa;

Katilu *Nafsu Sawiyyah*, *Nafsu Hardha* nu kawarti, mernah dina *kalilipa*, nu ngandung perwatekna dengki, nu panasbaran jeung hiri, urat jeung daging ngalebur, tina *panon* kaluarna, kahanan manah dumadi, nu sorotna *koneng* bawaning kawasa;

Ari *Nafsu Mutma'inah*, teges *Jinem* nu kasebit, watekna kautamaan, resep kana mujasmedi, tatapa reujeung ngawirid, ngalebur balung jeung sungsum, dina *babalung* pernahna, nyata tina *irung* bijil, nu sorotna *bodas* bawaning kawasa;

Ari hal *Getih Sosoca*, rupina sorotna getih, nyorot jadi lima cahya, bodas-hejo-koneng rupi, beureum-hideung nu sajati, paesan Dzat Rohul Kudus, nyata katelahna *Akal*, hakekat *Atmana Budhi*, jadi rupi wiwarnaning *Alam Ajsam*;

Akal tajali nafsuna, kuat *Hangkara Sajati*, kuda jiro digedogan, dina pancadria nu ngancik, wisesa *budhi* piranti, ider jagat tapi lumpuh, jero lanjutan ayana, *Ta 'yun Ma 'nawiyah* nya nami, nu jadi kadalina *Jisim* jeung *Jasad*;

Ari saestuna akal, nu saestuna ngan hiji, dibasakeun jadi lima, hiji *Budi Ma 'nawi*, atawa *Ati Ma 'nawi*, tegesna wahyuning Qolbu, ari anu kaduana, nyeta *Budhi Sanubari*, nu jadi pangwaaning qolbu tegesna;

Katilu *Budhi Suwedha*, perwatekna titih-rintih, mawa sifating borangan, nu kaopat *Budhi Jaki*, nya *Budhi Fu 'ad* kawarti, negeskeun Urat Jajantung, atawa '*Aklun* nelahna, sifating pangajak budhi, jadi permananing qolbu nu tegesna;

Budhi Sir anu kalima, atawa budhi Ati Sir, rasaning ati tegesna, nelahna *Budhi Saufi*, nu hartina *Ati Wening*, sucita rasaning qolbu, gambaran badama akal, nu sifatna suci bersih, jadi jatining rasa qolbu nyatana;

Tegesna ati nu lima, dina pangartina budhi, dingaranan *Pancadria*, nyeta pangawasa budhi, medal ti rasaning budhi, minangka galeuhning qolbu, jinisna nya tilu rupa, nyerep jeung nu lima tadi, gumulung dina lebeting *Pancadria*;

Ari *Dingding Jalal* mah, nyata *Hijab* nu kasebit, sumorot unggeling warna, lir kebul haseup uap cai, kuatna bawa ngajadi, natrat wasana Nu Agung, minangka *Jasad* na Atma, watesan sampurna *Jisim*, jadi raga *Alam Insan Kamilatan*;

Mun ngaguar eusi *jasad*, saestuna ngan sahiji, tapi dibasakeun dua, nu kahiji *Jasad Hurip*, atawa badan jasmani, jadi tina kebul lebu, *Jasad Latif* nu kadua, atawa badan ruhani, tina kebul haseup asal-muasalna;

Antarana dua *jasad*, gulangkep ngajadi hiji, ngajadi *panggonan maddah*, tempat ngancikna *anasir*, gumulung hurip jeung latif, jasmani rohani campur, lir keris manjing warangka, kaliputan *Hayyun Da'im*, pangemban gelarna sifating kawula;

Mun ngaguar eusi *Hijab*, tengetkeun masing taliti, nyata aya tilu rupa, rupa *kebul* nu kahiji, rupa *haseup* nu kang kalih, rupa *ibun* nu katilu, tina tilu rupa ieu, aya tilu pangkat deui, sakabehna jadi pangwasaning *jasad*;

Hijab Kebul tilu rupa, *Hijab Kismi* nu kahiji, dadasar pokokna *jasad*, saperti tulang jeung daging, pon kitu sabangsa kulit, jeung anu kasebut bulu, jeung sajabana ti eta, nu di saluareun *jisim*, nu jadi *bungkusan* pangwasaning *Jasad*;

Bangsa uteuk ati bayah, lan jajantung jeung ati, oge saperti liana, ayana di jero *jisim*, jadi eusina ragawi, nu moal bisa ngawagu, kana rupa koneng emas, kaasupna *Hijab Rukmi*, jadi pangwasa *nempo* wahyaning *jasad*;

Ari golongan sungsuam, katut sabangsana getih, jeung sajabaning mani mah, nu lalembut jeung laleutik, nu jadi eusi ragawi, mangrupi *sorotna* wujud, nu awas permana tingal, *Hijab Retna* nu kawarti, jadi pangwasaning sosocana jasad;

Hijab Haseup tilu rupa, *Hijab Pepeteng* kawarti, nu dumukna dina *nafas*, pangwasa nafasna jisim, *Hijab Guntur* nu paranti, *nutupan ngeusian* wujud, pangwasaning pancaindra, *Hijab Seuneu* nu pangahir, jadi pangwasaning *rupa nafsu* jasad;

Hijab Uap tilu rupa, *Hijab Ibun* kahiji, terusna ngajadi *Sukma*, kadua *Hijab Nurrasa*, jadi *Rasa* rupi-rupi, jeung nu katilu kawarti, *Hijab Nurcahya* kasebut, jadi kahananing *Atma*, bibit-buit *Insan Kamil*, kabeh hijab jadi pangwasaning *Dzat*;

Keur jentrena pek tengetan, nalika Nu Maha Suci, nya ngawujudkeun sifatna, jeneng Adam nu kawarti, bahana opat perkawis, mangrupa haseup kekebul, dijadikeun bahan *maddah*, *taneuh-seneu-angin-cai*, jadi Rupa Wajah wisesananing sifat;

Ditegeskeun satemena, yen rupa-rupa anasir, nyatana mangrupa maddah, nya beungetna *Wajah Gusti*, sifatna langgeng abadi, na *embun-embunan* dumuk, tuluy turun kana *soca*, aterusna kana *cepil*, nya dina *irung* ngagulung jadi *nafas*;

Lumpat deui kana *lisan*, di jero *dada* manganti, *sumarambah* dina jasad, *jleg* jumeneng Insan Kamil, ku kersaning Maha Suci, kawasaning Maha Agung, teu keuna gingsir jeung owah, mernah di *Atina Ati*, nu katelah mahligena *Baitullah*;

Mungguhing sajatining dzat, nyatana dzatining Gusti, ngagem pangwasa nu wenang, nu ngajembarkeun pangasih, katarik ku rasa budhi, kairut pangwasa nafsu, ngagelarkeun kabeh rasa, di Baitul Makmur ngancik, ngadon rereb ngabebener panca dria;

Mun aya harkatna jasad, hirup di dunya teu lami, kasirep ku atma-sukma, katarik pangwasa budhi, teuleum dina rasa budhi, kapincut ku hawa nafsu, lebur ku pangwasa cahya, mulih ka dzat mutlak qodim, nya dinamian *Wafat* dina jasad mah;

Ari hakekatna wafat, lain ngan saukur mati, ngan sakadar *pindah tempat*, mulih ka jatining kawit, balik ka alam ajali, ngajugjug ka alam luhung, renggenek di *alam mulya*, alam langgeng tur abadi, mulang ka jatining manusa sampurna;

Mun urang hayang *Waskita*, hayang jadi Insan Kamil, prak teuleuman makna *Shalat*, nu ngandung sabelas harti, tawis kaasih ka Gusti, kacinta ka Maha Agung, yen *dzat-sifat-asma-af'al*, ngajadi *Qur'an Sajati*, indungna tuduh jalan ka pangbalikan;

Tah kieu tegesna shalat, dina *nangtung* nu hakiki, nya nandakeun *hirup* urang, dina *ruku* nu sayakti, nandakeun *paningal* diri, pas *'itidal* nu saestu, nandakeun *pangucap* urang, ngaos *babacaan Qur'an*, tanda *pangrasa* sajati, lungguh *tumaninah* mah negeskeun *iman*;

Dina palebah *tahiyat*, tanda ngamantepkeun *tauhid*, palebah *ngucapkeun salam*, geus *ma'rifat islam* diri, ari *pupuji* ka Gusti, *nafas* urang nu lar-sup, dina *dzikir* jeung wiridan, *waspada ingetan* qolbi, ari *kiblat* mah *madep* ka hening urang;

Pikeun jalma nu tos apal, jeung pikiranana ngarti, tos tinangtu moal ham-ham, dumuk di *maqom sajati*, ngisat raga nyungsi diri, moal ngangluh ku bangbaluh, tos henteu sungkan nyorangan, teu ngumbar nafsu birahi, nu saincak-incakna parantos lillah;

Mangga geura tafakuran, sing tartib kalayan apik, nuju ka Insan Kamil tea, dina shirotol mustaqim, nalungtik jatining diri, tong hariwang jeung ngawagu, ku aling-aling panghalang, sabab jagat geus dieusi, ku pangawasana Af'al nu wisesa.

4. Sifat-Sifat Dzat Alloh Ta'ala

(Pucung)

Nu kahiji nya eta ngarana *Wujud*, kaduana *Qidam*, katilu ngarana *Baqo*, nu kaopat enya eta *Muhalafah*;

Muhalafatu lilhawadits disebut, ari nu kalima, *Qiyamuhu binafsihi* teh, nu kagenep enya eta *Wahkhdaniat*;

Ari *Qudrot* bilangan anu katujuh, dalapan *Irodad*, Ilmu ka salapanna teh, ka sapuluh nya eta nu ngaran *Hayat*;

Kasabelas *Samma* ngaranna geus tangtu, ka duabelasna, *Bassar* ngaranna teu geseh, ari anu katilu belasna *Qolam*;

Nu kaopat belasna deui dicatur, nya eta *Qodiran*, lima belas kacarios, enya eta anu disebut *Muridan*;

Ari anu kagenep belas dicatur, ngaranna *Aliman*, nu katujuh belasna teh, enya eta anu dingaranan *Hayyan*;

Anu kadalapan belasna dicatur, ngaranna *Sami'an*, kasalapan belasna teh, nu kasebat nya eta *Basiran* tea;

Ngajejegan kana jejeg duapuluh, nya *Mutakaliman*, nya semet eta mah seep, enggeus jejeg eta duapuluh sifat;

Nu kaasup sifat duapuluh, nya dibagi opat, hiji *Nafsiah* teu geseh, kaduana nya eta ngaran *Salbiah*;

Nu katilu *Ma'ani* ngaranna tangtu, anu kaopatna, *Ma'nawiyah* ngaranna teh, eta kitu geuning dibagi-bagina;

Saestuna *Nafsiah* teh enggeus tangtu, *pangambung* nyatana, nu kadua *Salbiyah* teh, enya eta *paningal* urang sifatna;

Nomer tilu *Ma'ani* ngaranna tangtu, *pangdangu* sifatna, di urangna teh teu geseh, nu kaopat *Ma'nawiyah* nu kasebat;

(Babakan Paniisan, 10 Shafar 1431)

(Sinom)

Nurutkeun kuma buktina, barangna sahiji-hiji, tangtu bae teu sarua, da sifatna ge teu sami, baham soca jeung cepil, pangambung ge pon nyakitu, malah pagaweannana, geuning bukti henteu sami, soca cepil baham angseu beda-beda;

Ngan sahiji keur Nafsiah, Salbiyah lima geus pasti, Ma'ani tujuh teu lepat, Ma'nawiyah tujuh deui, tah urang pilari bukti, barangna kudu kamaphum, dina baham dina soca, dina pangambung jeung cepil, enggeus tangtu kaayaanana beda;

Hayu urang dititinan, urang buktikeun sing sidik, dina perkawis *Nafsiah*, bagianana ngan hiji, geuning sifatna ge hiji, nyatana eta *Pangambung*, irung urang henteu dua, kitu nyata teh geuning, anu mawi ngan hiji bagianana;

Bukti anu kaduana, *Salbiyah* anu kaperkawis, kapan eta dina *soca*, aya lima perkawis, barangna anu bukti, geura bae urang itung, hiji bobodasna soca, dua hihideungna deui, nomer tilu kokonengna dina soca;

Kaopatna anu nyata, beubeureumna soca sidik, ari anu kalimana, heherangna panon wening, tah nyata geuning bukti, lima barang jadi gulung, kawasa Gusti Allah, dina saban-saban jinis, tangtu pisan aya bae rasiahna;

Ma'ani mah rasiahna, eta dina cepil bukti, naha tara pangangguran, milang lelegokna cepil, kapan eta teh sidik, lelegokna cepil tujuh, katujuh jeung liangna, pang aya moal mubadzir, pang lalegok geus tangtu aya sababna;

Ari bukti anu kaopat, *Ma'nawiyah* nu kasebit, nu mawi bagiannana, tujuh henteu salah deui, geus tangtu aya bukti, moal catur henteu puguh, geus tangtu aya barangna, geura rek didadar deui, anu tujuh di sajero *Ma'nawiyah*;

Kahiji anu nyata, nyaeta ngarana biwir, biwir urang nu ti handap, kaduana deui biwir, eta anu katingali, nyatana biwir nu luhur, gugusi anu katiluna, nu ti luhur eta bukti, nu kaopat gugusi beulah ti handap;

Ari anu kalimana, nyaeta ngaran lalangit, lalangit anu ti handap, kagenep deui lalangit, geuning eta sidik bukti, lalangit beulah ti luhur, ari anu katujuhna, di tengah letah sahiji, jejeg tujuh barangna teh *Ma'nawiyah*;

Ieu ge aya dalilna, *iqro qitabai a dalil, kafa binafsika* tea, *alyauma alaika* deui, *hasiba* unina dalil, sundana anu kamashur, yen wajib pisan manusa, ngaji teh kudu ngajinis, enya eta ngaji saadeging badan;

Ulah ngaji luar badan, matak ngajauhkeun Gusti, teu ngarasa babarengan, siang wengi ngangliputi, babarengan nya sumanding, sumerepna nu geus tangtu, sanggeusna maca daluang, terus ngaji luang deui, nya eta ngarasakeun daluang tea;

Dihartikeun dilenyepan, diterapkeun kana diri, sing cocog jeung sareatna, hakekatna mah geus pasti, aya dina diri pribadi, nu matak kudu diemut, kalawan make Tarekat, sangkan bisa *Ma'rifati*, sabab eta nu opat henteu papisah;

Sareat sareng *Hakekat*, *Tarekat Ma'rifat* deui, teu beunang di pisah-pisah, kudu gulung jadi hiji, boh dina lakon Agami, sumawona dina Ilmu, kudu gulung anu opat, sabab manusa ge geuning, sampurna bisa gumelar di Dunya;

Taya lian ngan ku opat, *pangucap pangangseu* deui, katiluna ku *paningal*, kaopat *pangdangu* pasti, jadi lamun kurang hiji, teu sampurna urang hirup, komo lamun kurang dua, pinasti moal katepi, sumawona kurang tilu nyucud pisan;

(Babakan Paniisan, 15 Shafar 1431)

5. Panyipuh Laku Lampah

(Asmarandana)

Emut ka pisaur Wali, Nu celuk ahli tarekat, Mun urang hayang rancage, Kalawan jatnika rasa, Gumelar di Alam Dunya, Panemu kudu disipuh, Ku laku opat perkara;

Kahiji *resap susuci*, Suci ati lampah nista, laku hasud kapalire, Kadua *ngurangan dahar*, minangka ngalatih raga, sakur rereged kalebur, ngabiasakeun tirakat;

Katilu susuci batin, Ku loba *ngurangan sare*, reujeung nu kasebut sahwat, pikeun pangluyuing jiwa, hartina imbang-imbangan, jeung sarupaning bangbaluh, anu mangaruhan jiwa;

Kaopat kudu tarapti, *ngurangan nafsu cacarita*, basa garihal teu hade, pikeun panglenyepna rasa, upama geus lenyep rasa, jadi laku anu lungguh, berwibawa jeung perceka;

(Dangdanggula)

Mungguh cocoba hirup sajati, lumampah dina dua golongan, nu kahiji lima golong, resep ngumbar hawa nafsu, agul ku kasuka ati, watak bohong palacidra, gede ambek jeung ngaberung, sok hasud hate jeung fitnah, ieu cocoba lenyepan sing kaharti, kaasup *cocoba jiwa*;

Golongan anu kadua kalih, sagolong jeung *cocobaning raga*, aya lima nu kapeto, nyaeta cocoboh laku, ngabudi haseum jeung bengis, ngalaku milampah nista, tirakatan jadi embung, sabisana kudu bisa, diajar nyingkahan nya eta cocobi, sangkan waluya ragana;

Lamun ngalaman cocoba tadi, kawengku ku opat akibatna, *Nista Papa* teu pangesto, panggih jeung ripuh bangbaluh, nya *Dora Sangsara* deui, tegesna manggih kanaas, *Dusda Lara* nu katilu, manggih panyakit tugenah, nu kaopat pangahir *Nihaya Pati*, teu inget ka pangbalikan;

(Asmarandana)

Sabisa-bisa diaji, diajar nyinglar cocoba, tatapa jeung jakat gawe, sangkan hirupna waluya, tapa *Badan* handap raga, jakatna resep nu alus, sarupaning kahadean;

Nafsu tapana lillahi, sabar ku rupa cocoba, jakatna ku handap hate, bari loba ngahampura, sagala kaluluputan, sanajan loba nu hasud, teu weleh sabar darana;

Nyawa tatapana lantip, ku hate temen guligah, jakatna ulah munafek, rasa tapana utama, jakatna miceun nalangsa, sanajan rasa hanjelu, teu weleh rasa gumbira;

Cahaya tapana suci, jakatna wening paningal, panempo nu henteu hade, *Atma* mah tapana awas, jakatna eling wiwitan, kitu mungguhing panemu, nu disebut kajembaran;

Nu liana aya deui, wening dina ditapaan, atawa dijakatan teh, sakur aya dina badan, saperti *Panon* tapana, ku kurang sare jeung tunduh, jakatna ku loba beunta;

Ari tatapana *Ceuli*, nyegah hawa nafsu badan, jakatna teu resep denge, beja goreng ti nu lian, lamun *Irung* ditapana, kudu ku ngurangan nginum, jakatna ulah cempadan;

Lisan mah tapana biwir, kudu ku ngurangan dahar, jakatna ulah campur bae, Tapa *Parji* nyegah sahwat, jakatna nyingkahan jinah, *Leungeun* tapana cocokot, jakatna ulah openan;

Suku tapana nyamuni, kudu nyegah laku lampah, lumaku ka lampah goreng, jakatna resepan leumpang, kana jalan kahadean, nyiar pituduh pitulung, ku rupa-rupa tirakat;

(Pucung)

Lamun urang resep ngalakonan kitu, kagolong utama, kitu saur *Sunan Ampel*, nalika ngawasiatan ka santrina;

Lamun beuteung enggeus lapar ngaharegung, buru-buru dahar, ulah bareng jeung talangke, sangkan dahar ponyo cara kana perang;

Lamun urang rek ambek ka diri batur, kudu geuwat-geuwat, pepende hate ku sare, supaya gancang kasawur pangeruhna;

Mun rek perang kudu ngudag ambek batur, ulah sok sumerah, supaya leber wawanen, sangkan punjul aya dina kajayaan;

Lamun arek sumaba ka anu jauh, kudu nyarap heula, sanajan ukur saemet, supaya ulah kalempohan di jalan;

Lamun eukeur gawe kaganggu ku tunduh, kudu leuleumpangan, ngan kade ulah nyangkere, supaya kabangbalerkeun henteu sare;

Aya deui papagah ti nagri batur, ti Nagri Sang Budha, keur santri nu loba rehe, nu dibarengan talangke ibadahna;

Saalusna hudang keur jalma nu hirup, sare leuwih genah, najan hudang teu hade, lewih utama sare mun teu ibadah;

Saalusna sare keur jalma nu hirup, leuwih hade hudang, tibatan ngan ukur sare, lewih hade nyaring milampah ibadah;

Saalusna nyaring keur jalma nu hirup, alus diuk mernah, najan nyaring bari rehe, leuwih utama cicing bari ibadah;

Saalusna diuk keur jalma nu hirup, nangtung leuwih mernah, batan diuk ngalamun bae, leuwih hade nangtung bari jeung ibadah;

Saalusna nangtung keur jalma nu hirup, leuwih hade leumpang, batan nangtung tumbuh laku, leuwih hade lumaku nyiar panalar;

Jadi mun rek tatapa lain saukur, nyepi ngisat raga, keur lahir jeung batin wae, tapi kudu dibarengan ngalenyapan;

saincak-incak usik badan sakujur, kudu lirih lisan, duduga peryoga kade, nyarita kudu diunggel tinimbangan;

Ngalengkah sing ati-ati nujul waktu, kudu ninggang mangsa, keur waktu milampah hade, kudu temen bareng wekel jeung iatna;

Peta kitu jadi ugeran nu tangtu, bangsa nu sujana, perceka reujeung rancage, lamun kitu lampah lulus perbawana;

Sabab kauger ku babasan nu suluk, yen waruga badan, kapindingan ku lalangse, ku hasil pertingkah polah dina lisan;

Lisan nu sakacam-caem ngarahul, bisa ngabinasa, ngelehkeun wirasat hate, matak jadi panghalang kana ibadah;

Rupa goreng kapindingan hade laku, lampah nu merenah, dibarengan hate sholeh, cacad kapindingan ku basa someah;

Ari nu ngaruksak waruga nu matut, odoh ku pakean, pirajeunan eneleke, resep make pakean kusut teu mernah;

Sakecap-kecap omongna henteu husu, saenyana rupa, henteu matak jadi goreng, lamun ngukur ka kujur nimbang ka awak;

(Babakan Paniisan, 17 Shafar 1431)

6. Gambaran keur Nu Ngisat Raga

(Dangdanggula)

Mertelakeun riwayatna hadis, waktu engke amprok jeung kiyamat, nya eta Utusan Alloh, nu ngaran Ba'ats saestu, hartina nu ngemban janji, rek nagih ka alam dunya, Malaikat Jibril kapundut, mancen tugas salapan hal, tugas Pangersa Gusti Nu Maha Suci, titah Nu Maha Kawasa;

Kahiji mundut *wateking bumi*, nya eta itsbatna wujud jasad, ibarat rupa pasemon, Kadua *adiling ratu*, ku robahna paningali, reujeung hambarna pangrasa, katut torekna pangrungu, Katilu *sugihing arta*, ibarat kendorna urat-urat getih, nya maburing mani tea;

Kaopat jadi mitsil gingsirna budhi, Nu disebut wiranging pandita, Kalima mitsil nu odoh, *naasning werdha* nu tangtu, totonden rek peureum ati, Kagenep *sabarna sudra*, ibarat murkana nafsu, tanda rek resep sagala, Katujuh bade mundut *wiranging istri*, tanda nafsu mutma'inah;

Kadalapan *imana nu mu'min*, saibaratna misahkeun sukma, Pangahir *tulisan Qur'an*, lir sietna rasa madu, Upama rasana lilir, totonde geus ngarandapan, palanggeran nu saestu, anu geus genah merenah, ngancik dina paningal soca pribadi, jeung paningal ka nu lian;

(Asmarandana)

Aya riwayat nu lain, tandana deukeut ajal, datang cahaya nu genep, bijil tina jasad urang, Hiji lir *ibun cahaya*, kapinding bodasna lauk, koneng papakeanana;

Di jeronu wujud jalmi, ngaku-ngaku malaikat, nganggo papakean koneng, poma ulah rek kagembang, nyeta gambar uteuk urang, sumawona arek nurut, kana uar pangajakna;

Nu kadua bijil deui, cahaya nu dijerona, saperti aya nu jentre, rupa saperti bangbara, aya manuk katingalna, *Buroq* nya anjeuna ngaku, ngajak tumpak ka Suwarga;

Nu katilu bijil deui, cahaya nu dijerona, jirim lalaki nu kasep, sorot panonna lir kilat, nyebrot seuneu ti bahamna, sorana lir ngagulugur, mamaksa ngagoda urang;

Poma urang ulah gimir, kaluar ti patekadan, sumawona dipalire, sieun ku tangtunganana, eta wawayanganana, dzat budhi urang saestu, nya eta akalna urang;

Nu kaopat bijil deui, cahya tina awak urang, halimun nu poek mongkleng, dijero cahya katingal, aya nu saperti kaca, aya istri nu gelenyu, ngabibita rasa urang;

Poma urang ulah gingsir, kabengbat rasa asmara, sumawona jeung merende, bogoh ku dedeganana, kapincut kapiduriat, eta teh wayangna nafsu, tanda deukeut ka Rahmat-Na;

Nu kalima bijil deui, cahya tina badan urang, rupa mega ngabelegbeg, ti angen nepi ka sirah, nu pinuh ku rupa-rupa, nya Malaikat nu tangtu, kawas nu mapagkeun urang;

Poma urang ulah lali, kapincut ku pangolona, sumawona jeung nyarande pedah loba babawaan, cenah bekel di sawarga, eta wayang sukmana ruh, tanda di jalan Rahmat-Na;

Nu kagenep bijil deui, cahaya nu luetik pisan, rambut onaman mah gede, nu ngadeg hareupeun urang, tapi caangna gumilang, bus kana panon nyulusup, bijil kana ceuli urang;

Saterusna asup deui, kana liang irung urang, dina urat ting berebet, tuluy bijil tina lisan, katembong lir caang bentang, ka embun-embunan nyusup, sasmita sajero cipta;

Saterusna nyusup deui, kana jero uteuk urang, anu ahirna mah nganjrek, dina panggonan imahna, *Baitul Ma'mur* katelahna, tetep dina tahta agung, di gedong Maha Suci;

Katingal aya nu calik, di sakatuhueunnana, ngaku malaikat nu neneh, ngaluarkeun sorot cahya, caang padang narawangan, ti lebeting Baitul Ma'mur, keur tunggangan ka Manten-Na;

Poma urang ulah robih, obah salebeting cipta, manteng ka nu di mahlige, eta teh wawayangna dzat, *rasa pribadina* urang, mun tina genep geus lulus, asup ka *Kasampurnaan*;

Kitu carios kadangding, wekasan gelar di dunya, najan rehe ulah lengle, ngatik diri ngisat raga, hakekat urang gumelar, ka sakur nu ngulik ilmu, mugi hasil pamaksudan.

(Babakan Paniisan, 20 Shafar 1431)